

30 janvyè 2017

Chè elèv ak fanmi,

Depatman edikasyon Vil Nouyòk ak Biwo majistra a pran angajman pou pwoteje dwa chak elèv nan Vil Nouyòk ki nan lekòl leta, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo, peyi yo soti oswa relijyon yo. Lakou Siprèm Etazini rekonèt tou enpòtans edikasyon leta pou tout elèv, ladan elèv ki pa gen papyè. Pitit ou a se premye priyorite nou, epi n ap fè tout sa nou kapab pou pwoteje dwa sa a ak asire tout elèv jwenn edikasyon bon kalite.

Nou gen fyète pou divèsite nou genyen nan vil Nouyòk. Paran, elèv, direktè lekòl, pwofesè ak lòt manm estaf ki se imigran yo tout kontribye pou fè lekòl nou yo, ak vil Nouyòk, kote eksepsyonèl ak dinamik yo ye a. Kèlkeswa fanmi w te rive sa gen 100 ane oswa 100 jou — se Nouyòkè ou ye — epi nou kanpe avèk ou.

Pou ede asire tout timoun kontinye aprann nan yon anviwònman akeyan, an sekirite, nou bay manm estaf nan lekòl nou yo lòd sa a:

Menm jan an nou te toujou fèl la, estaf DOE p ap poze kesyon ni ekri sou dosye enfòmasyon sou kondisyon imigrasyon yon elèv oswa sou kondisyon imigrasyon manm fanmi li. Si ou gen enfòmasyon sansib, ladan kondisyon imigrasyon, sou ou oswa sou fanmi w, règleman sou vi prive Vil la ak Règleman Chanselye a mande pou nou kenbe sa konfidansyèl.

Estaf DOE p ap bay ajan Anfòsman imigrasyon ak dwan *Immigration and Customs Enforcement (ICE)* aksè nan enfòmasyon sa yo. Menm jan avèk lòt ajans anfòsman lwa, yo p ap pèmèt ICE gen aksè nan lekòl san otorite legal apwopriye. Si ajan ICE ale nan yon lekòl nan objektif anfòsman imigrasyon, y ap refere yo bay direktè lekòl la, ki limenm ap pran aksyon apwopriye a.

Estaf DOE p ap pibliye enfòmasyon elèv amwenske lalwa oblije sa.

Nenpòt moun nan lekòl nou yo k ap chèche sèvis legal imigrasyon, n ap refere yo bay ActionNYC. ActionNYC se you pwogram ki ofri èd legal imigrasyon gratis, an konfyans, ki sòti nan òganizasyon kominotè moun fè konfyans nan kominote w la ak nan lang ou pale a.

Tout moun ki rete Nouyòk, kèlkeswa kondisyon imigrasyon ou, kapab kontinye gen aksè nan sèvis vil la ofri. Rele 311 oswa ale nan nyc.gov/immigrants pou plis enfòmasyon ki sòti nan Biwo majistra a sou zafè imigrasyon. Anplis, gen resous disponib sou sitwèb DOE a nan <http://schools.nyc.gov/AboutUs/schools/SupportingAllStudents.htm>. Y ap elaji seksyon sa a sou sitwèb nou an nan semèn k ap vini la yo.

Estaf lekòl ap asire tout elèv ap nan yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay yo sipò. Règleman DOE se pou toujou gen lekòl ki aksepte tout moun, ki pa gen arasman, bully, diskriminasyon akoz ras, koulè, relijyon, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, alyenaj, kondisyon sitwayènte, laj, andikap, oryantasyon seksyèl, sèks (fi/gason) oswa pwa kò w. Nenpòt ensidan oswa pwoblèm sipoze ale imedyatman devan estaf lekòl la, k ap envestige epi pran mezi rapid.

Mèsì dèske ou konfyè nou edikasyon pitit ou a. Pa gen anyen ki pi enpòtan pase mete 1.1 milyon elèv sou chemen siksè.

Avèk senserite,



Carmen Fariña
Chancellor
Depatman edikasyon Vil Nouyòk



Nisha Agarwal
Komisè
Biwo zafè imigrasyon majistra a